



MATERI KHUTBAH JUMAT

CIRI TIYANG INGKANG DITRESNANI ALLAH

Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

Dipunpepaki kaliyan pambikakan kaliyan doa penutup



[GRATIS] LANGGANAN MATERI KHUTBAH FORMAT PDF

Enggal-enggal hubungi WA admin dakwah.id

0895-8060-18090

www.dakwah.id

☛ @dakwahid

☛ @igdkwh

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat
yang akan langsung dikirim
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor WhatsApp berikut ini:

0895-8060-18090

Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.

MATERI KHUTBAH JUMAT BAHASA JAWA

CIRI TIYANG INGKANG DITRESNANI ALLAH

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro S.Pd.I

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ الْخَمُدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مِنْ يَهِيدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلٌّ لَهُ وَمِنْ يُضِلُّ لَهُ وَهَادِي لَهُ أَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَعَمَّمْ بِإِيمَانِهِ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَمَّا بَعْدُ

عِبَادَ اللَّهِ أُوصِيُّكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَ مِنْهَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّ تُقَاتَهُ وَلَا تَمُؤْنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحُ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرُ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

فَإِنْ أَصْدَقَ الْحَدِيثَ كِتَابُ اللَّهِ وَخَيْرُ الْهُدِي هَذِي مُحَمَّدٌ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَشَرِّ الْأُمُورِ مُحَدَّثُهَا وَكُلُّ مُحَدَّثٍ بِدُعْةٍ وَكُلُّ بِدُعَةٍ ضَلَالَةٌ وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي التَّارِ أَمَّا بَعْدُ

Sumangga sesarengan kita tansah maringaken puja lan puji syukur ing ngarsa dalem Allah *subhanahu wata'ala*, Dzat kang Maha Agung ingkang sampun paring kanugrahan saha kanikmatan dhumateng kita sedaya sahingga wonten kesempatan punika kita saget nindakaken pangibadahan dhumateng Allah *subhanahu wata'ala*.

Shalawat saha salam mugi katetepna dhumateng junjungan kita Nabi Agung Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam*. Mugi kita sedaya pikantuk syafa'atipun dhumateng Allah *subhanahu wata'ala*.

Saking inggil mimbar punika, khatib paring wasiat dhateng kita sami, utaminipun pribadi khatib piyambak supados tansah usaha ningkataken iman lan takwa dhateng Allah *subhanahu wata'ala* kanthi cara nindakaken sedaya kewajiban lan nebihi saking sedaya ingkang dipun haramaken.

Allah Ta'ala paring pangandikan,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا تُقَاتَهُ وَلَا تَمُوْتُنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

"He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatining wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam." (QS. Ali Imran: 102)

Jamaah shalat Jumat Ingkang Berbahagia

Tema khutbah ing siang dinten kang minulya inggih menika *ciri tiyang ingkang ditresnani Allah subhanahu wata'ala*.

Mangga kita sami tansah ikhtiyar kanthi maksimal dados tiyang ingkang ditresnani Allah.

Jalaran menawi kita ditresnani tiyang sepuh, pejabat, tiyang sugih, tiyang kondang kemawon saestu-estu remen sanget. Punapa malih menawi ditresnani Dzat kang nyipto sedaya kalawau. Saklajeng napa kemawon ciri-ciri tiyang ingkang ditrenani Allah?

Jamaah shalat Jumat Ingkang Berbahagia

Sepisan: Manungsa dipun bukakaken amal shalih sakdereng sedane

Tiyang ingkang pinaringan karesnan saking ngarsanipun Allah inggi punika tiyang ingkang tansah ibadah dhumateng ngarsanipun Allah Ta'ala ngantos dumugining pathi.

Tegekipun tiyang kalawau tansah njumenengaken ibadah sahingga tiyang kalawanu senadyan wus mboten wonten tetep kesaenanipun saget dipun kenang sak laminipun.

Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* ngendika wonten ing sabdanipun,

إِذَا أَرَادَ اللَّهُ بِعَبْدٍ خَيْرًا اسْتَعْمَلَهُ « قِيلَ : وَمَا اسْتَعْمَلَهُ ؟ قَالَ : « يُفْتَحُ لَهُ عَمَلٌ صَالِحٌ بَيْنَ يَدَيْهِ مَوْتٍ حَتَّىٰ يَرْضَى عَنْهُ مَنْ حَوْلَهُ »

"Menawa Allah pingin ndamel sae hamba-hambane mila hamba wau bakal diperkejafen. Para sahabat sami tanglet: Kepripun ingkang dimaksud hamba dipekerjakaken?. Nabi dhawuh, dibukakke kangge tiyang amal kesaenan sakdereng sedane sahingga tiyang sak kiwa tengene ridho." (HR. Ahmad No. 21949)

Kalih: Menawi nindakake dosa, Allah langsung maringaken hukuman duniawi

Wonten ing mriki Allah nedahaken tresnanipun dhateng hamba ingkang ageng. Inggih punika Allah mboten ngeparengaken hamba kalawau dipun siksa wonten ing akhirat. Pramila nalikane hamba nglampahi dosa langsung dipun hukum dening Allah wonten alam donya menika.

Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* paring dhawuh,

إِذَا أَرَادَ اللَّهُ بِعَبْدٍ الْخَيْرَ بَعَدَ لَهُ الْعُقُوبَةَ فِي الدُّنْيَا وَإِذَا أَرَادَ اللَّهُ بِعَبْدٍ الشَّرَّ أَمْسَكَ عَنْهُ بِذَنْبِهِ حَتَّىٰ يُؤْفَىٰ بِهِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ

“Menawa Allah ngersakaken sae dhateng hambanipun Allah badhe nggakekaken ukumane wonten ini dunya. Lan menawa Allah ngersakake dhateng hambane keawonan, Insun badhe tahan ukumanipun ngantos dipun timpakaken kanthi sempurna ing dina kiyamat.”(HR. At-Tirmidzi No. 2396)

Tiga: Allah badhe maringi ujian marang piyambakipun

Hamba kang diuji dening Allah menika sejatose mboten tiyang kang dipun inakaken Allah. Ananging ujian menika pinangkata Allah pingin ningkataken kuwalitas iman hambanipun.

Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* paring pangandikan,

مَنْ يُرِدُ اللَّهُ بِهِ خَيْرًا يُصْبِطُ مِنْهُ

“Sinten kang dikersakaken Allah kesaenan Allah bakal paring musibah marang piyambakipun.” (HR. Al-Bukhari No. 5321)

Jamaah shalat Jumat Ingkang Berbahagia

Sekawan: Tiyang ingkang purun bersabar

Sabar menika mboten wonten batesanipun. Sinten mawon kang hanggadhahi pemanggih bilih sabar menika wonten batesipun, estu tiyang menika kelentu. Kranten sabar menika ibadah lan ngibadah dhumateng Allah menika ngantos temuning pati.

Rasulullah ngendika,

وَاللَّهُ يُحِبُّ الصَّابِرِينَ

“Lan Ingsun Allah ngremeni tiyang-tiyang sabar.” (QS. Ali Imran: 146)

Gangsal: Allah badhe maringi ilmu tiyang ingkang sabar

Kanggenipun ulama, guru, ustaz bilih ilmu menika perkawis ingkang penting sanget. Kanthi ilmu kita saged pinaringan keutamaan ingkang

kathah lan kesainen ingkang kathah.

Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* dhawuh,

مَنْ يُرِدُ اللَّهُ بِهِ خَيْرًا يُفْقِهُ فِي الدِّينِ

Sinten ingkang dipun kersakaken Allah sae badhe dipun fahamaken urusan agamane. (HR. Al-Bukhari No. 71)

Jamaah shalat Jumat Ingkang Berbahagia

Mekaten materi khutbah Jumat babakan ciri tiyang ingkang ditorsnani Allah *subhanahu wata'ala* ingkang saget kawulo sampekaken, mugio saget dados pitutur kang manfaat lan nasehat kang minulya kagem khatib pribadi lan jamaah samudayanipun.

أَقُولُ قَوْنِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ
الرَّحِيمُ

KHUTBAH KEDUA

أَحْمَدُ رَبِّي وَأشْكُرُهُ، وَأَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهُدُ أَنَّ نَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ
وَرَسُولُهُ

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ
عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيُّكُمْ وَنَصِيُّكُمْ بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ
الرَّجِيمِ

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا تُقَاتَهُ وَلَا تَمُؤْنَّ إِلَّا وَأَئْتُمْ مُسْلِمُونَ
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَخْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأُمَوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ

مُحِبُّ الدَّعْوَةِ

اللَّهُمَّ أَلْفِ بَيْنَ قُلُوبِنَا، وَأَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنَنَا، وَاهْدِنَا سُبُّلَ السَّلَامِ، وَنَجِّنَا مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى الثُّورِ،
وَجَنِّبْنَا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ، وَبَارِكْ لَنَا فِي أَسْمَاعِنَا، وَأَبْصَارِنَا، وَقُلُوبِنَا، وَأَرْوَاحِنَا،
وَذُرِّيَّاتِنَا، وَتُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَابُ الرَّحِيمُ، وَاجْعَلْنَا شَاكِرِينَ لِنِعْمَتِكَ مُشْتِئِنِينَ بِهَا عَلَيْكَ، قَابِلِينَ
لَهَا، وَأَتِمِّمْهَا عَلَيْنَا

رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَرْوَاحِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرْةً أَغْيُنْ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَقِينَ إِمَاماً

اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الْهُدَى، وَالثُّقَى، وَالعَفَافَ، وَالغَنَى

رَبَّنَا آتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

وَآخِرُ دَعْوَانَا أَنَّ الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمَيْنَ